



Depatman Resous Reglemantè ak Ekonomik

ÈSKE OU SE YON ANPLWAYE YO PA PEYE?

Pwogram pou Vòl Salè (Wage Theft Program) Konte Miami-Dade la gen dwa kapab ede ou. Lè yon anplwayè pa peye kèlkeswa pòsyon salè a disi yon delè rezonab apati dat travay la te fèt la, sa gen dwa vòl salè. Si ou, oswa yon moun ou konnen, pa touche pou travay li, kontakte:

Biwo pou Pwoteksyon Konsomatè

601 NW 1 Court, 18th Floor

Miami, FL 33136

Consumer@MiamiDade.gov

786-469-2333

*Anvan nou kòmanse okipe reklamasyon w lan, gen kondisyon ou dwe konnen sou Pwogram pou Vòl Salè a. W ap jwenn kondisyon preliminè yo, definisyon yo ak tip plent yo nan do fèy sa a.

KONDISYON PRELIMINÈ YO POU POTE PLENT

Ou dwe kapab montre sa ki annapre yo:

1. Ou te yon anplwaye konpayi an oswa moun nan selon definisyon ki pi ba yo.
2. Travay ou pa touche pou li a te fèt nan Konte Miami-Dade.
3. Montan salè yo dwe w la pi wo pase \$60 epi pa depase \$15,000.
4. Yon lane poko pase depi ou te fè travay la.

DEFINISYON

- **Vòl Salè:** lè yo pa peye kèlkeswa pòsyon salè a disi yon delè rezonab apati dat travay la te fèt la.
- **Anplwaye:** definisyon an laj men li espesifikman pa gen antreprenè endepandan ladan.
- **Anplwayè:** definisyon an laj men li espesifikman pa gen Federal, Eta, Konte, Fon Sante Piblik (Public Health Trust) ak tribi Endyen Ameriken ladan.

TIP PLENT

Salè enkonplè	•	Salè yo pa peye w
Mwens èdtan pase sa ou travay yo	•	Travay ki te fèt apre avi depa
Peman an mwens pase sa nou te mete nou dakò sou li a	•	Travay ki te fèt pandan peryòd endanmnite revokasyon an
Yo pa peye ou vakans/konje maladi	•	Peman yo te pwomèt ou
Yo pa peye ou komisyon	•	
Chèk salè san pwovizyon	•	

Pou plis enfòmasyon:

www.miamidade.gov/business/wage-theft.asp

